

# SALUSCARE, INC.

---

## DWA AK RESPONSABLITE PASYAN YO AK AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE YO

---

SalusCare, Inc. se yon òganizasyon san bi likratif, nan Fort Myers, Florid, ki founi sèvis tretman nan domèn sante mantal ak toksikomani, ki te enköpore an 2013 aprè sant sante mantal Lee Mental Health Center te fin fizyone pou fè yon sèl ak Southwest Florida Addiction Services (SWFAS), sèvis toksikomani nan rejyon sidwès Florid la. SalusCare gen sèt branch atravè rejyon sidwès Florid la. Frè nou yo abòdab epi yo ka ajiste dapre mwayen pasyan nou yo anfonksyon kantite kòb yo touche kòm revni pou chak fwaye yo. SalusCare aksepte Medicaid, Medicare, Visa, MasterCard ak plizyè lòt gwo konpayi ki bay asirans sante. SalusCare ofri sèvis pou tout moun, kèlkeswa envalidite oswa andikap moun nan ta genyen. Nou fè akomodasyon tou sou demann.

---

## DWA AK RESPONSABLITE PASYAN AN

Deklarasyon ki fèt la yo pale sou dwa ak responsablite ou genyen anjeneral. Kòm pasyan ki nan pwogram tankou inite pou estabilizasyon kriz oswa pwogram an rezidans byen detèmine yo, w ap resevwa kopi dwa ak responsablite ou genyen alekri apre yo fin admèt ou nan pwogram sa yo. Si w bezwen èd pou w li sa a oswa si w bezwen plis detay vèbal sou enfòmasyon sa yo, tanpri pale avèk anplwaye k ap ede w jwenn sèvis w ap resevwa yo.

---

## DWA PASYAN AN

Tout pasyan SalusCare yo gen men dwa sivik menm jan ak tout sitwayen k ap viv nan Eta Florid la ak Ozetazini. SalusCare pa fè okenn diskriminasyon sou laj, ras, koulè po, nasyonalite, orijin etnik, sèks, kondisyon matrimonial, oryantasyon seksyèl, relijyon, andikap oswa kèlkeswa lòt karakteristik lalwa pwoteje nan sèvis l ap bay yo.

Dwa pasyan yo, dapre jan sa dekri nan Pwojèlwa pou Pasyan nan Florid ak/oswa règleman federal yo, gen pami yo, men ki pa vle di se sèlman sa: Dwa pou resevwa bon kalite tretman, dwa pou refize sèvis, dwa konfidansyalite, dwa pou kenbe diyite yo, dwa pou kenbe vi prive yo, dwa pou resevwa swen tankou moun, dwa pou jwenn aksè nan dosye pèsonèl yo, ak dwa pou gen yon pwosedi jis ak ekitab pou adrese doleyans yo. Gen eksepsyon pou chak grenn nan dwa sa yo ki egziste epi yo pral diskite sou baz endividyèl depi moun nan mande sa.

### DEKLARASYON JENERAL SOU DWA PASYAN AN:

1. Jwenn enfòmasyon, alekri ak vèbal, si w bezwen oswa si w mande, sou dwa w ak responsablite w kòm yon pasyan k ap resevwa sèvis nan SalusCare.
2. Trete w avèk respè epi diyite.
3. Ofri w mwayen tretman ki gen mwens restriksyon posib ak yon maksimòm avantaj posib.
4. Resevwa yon evalyasyon pèsonalize sou bezwen w yo.
5. Konnen konbyen kòb tretman w ap resevwa ka koute ak fason yo te fè pou detèmine montan w ap peye a.
6. Gen yon anplwaye oswa yon ekip nan pèsonèl anplwaye yo ki afekte espesyalman pou travay avèk ou pou ede w rezoud pwoblèm ou yo.
7. Ofri w sèvis ki kòmanse nan lè ki rezonab.
8. Jwenn enfòmasyon sou kèlkeswa aksyon, pwosedi oswa desizyon ki ka afekte w oswa afekte tretman w ap resevwa nan SalusCare.
9. Gen yon plan tretman pèsonalize oswa yon plan sèvis ki fèt ak patisipasyon w y ap ka egzamine defason regilye.
10. Resevwa sèvis y ap ofri w yo nan yon anviwònman ki konfòtab, ki pwòp epi ki san danje.
11. Ou ka refize kèlkeswa fòm tretman oswa sèvis la amwenske se tribinal ki bay lòd pou egzije sèvis la oswa se yon ka ijans ki nesèsè pou evite w fè tèt ou mal oswa fè lòt moun mal. Si nesèsè, y ap fè w konnen ki lè sityasyon w lan ka vi pi mal si w pa resevwa tretman oswa sèvis yo.
12. Sispann resevwa sèvis yo lè w atenn bi/objektif yo ak/oswa lè w fin jwenn maksimòm avantaj posib nan sèvis ou yo.
13. Jwenn rekòmandasyon oswa enfòmasyon konsènan pwogram ki egziste kòm sipò pou soutni w nan kominote a.
14. Jwenn enfòmasyon sou kèlkeswa medikaman doktè SalusCare yo preskri w, pou konnen tout efè segondè posib, objektif ak avantaj ansanm ak tout risk potansyèl sa ka genyen. Ou gen dwa pou rankontre ak doktè a regilyèman pou konsilte eta sante w ak sou efè medikaman w ap pran yo fè. Ou gen dwa refize pran yon medikaman, eksepte si se tribinal ki bay lòd pou egzije sa oswa se yon sityasyon ka ijans dapre jan lalwa Eta Florid defini sa.
15. Jwenn tout enfòmasyon konplè sou metòd SalusCare pratike pou gen yon anviwònman kote pa gen ni tabak ni fimen sigarèt nan tout enstalasyon, pwopriyete ak pwogram nou yo.

---

## RESPONSABILITE PASYAN AN

1. Pran responsabilite pou patisipe nan tretman an daprè jan ou te aksepte kolabore pou fè sa a nan plan tretman an.
2. Peye pou sèvis yo nan moman y ap resevwa sèvis sa yo. Depi pa gen pèman oswa pa gen aranjman pou pèman ki te fèt pou balans dèt ki gen plis pase 90 jou depi yo dwe peye, yo gen dwa refize ba w sèvis toutotan yo poko resevwa pèman oswa poko gen aranjman ki fèt pou fè pèman. Ou responsab pou peye tout balans dèt ki dwe yo, menm si yo koupe sèvis yo t ap ba ou yo.
3. Ou gen responsabilite pou w ale nan sesyon/tretman/sèvis ki pwograme yo regilyèman oswa degaje w mande pou anile yo pi vit posib, men omwen 24 èdtan alavans.
4. Ou gen responsabilite pou kolabore ak pratik SalusCare mete sou pye pou gen yon anviwònman san tabak ni moun k ap fimen sigarèt nan tout enstalasyon, pwopriyete ak nan pwogram li yo. Si w pa respekte, oswa si w ap plede vyole prensip sa a, sa ka gen yon seri konsekans ki afekte kalite sèvis w ap resevwa a. Pou plis presizyon sou enfòmasyon ki konsène konsekans sa yo, gade nan lis enfòmasyon pou pwogram byen detèmine w ap patisipe ladan l lan nenpòt lè ou vle.
5. Ou gen responsabilite pou respekte epi trete tout moun nan SalusCare yo ak koutwazi.

---

## SATISFAKSYON PASYAN AN

Opinyon pasyan nou yo konsènan sèvis y ap resevwa nan SalusCare la enpòtan pou nou anpil. Tanpri, pa ezite fè manm pèsonèl la konnen lè w satisfè oswa lè w pa satisfè ak sèvis y ap ba ou yo. Nan lè ki apwopriye, w ap resevwa yon seri sondaj pou w reponn sou satisfaksyon kliyan. N ap di w mèsè pou repons w ap bay yo ansanm ak kòmantè, sijesyon oswa kritik w ap bay k ap ede nou kontinye amelyore kalite swen nou bay kliyan nou yo.

---

## DWA POU PWOSEDI PLENT

SalusCare bay pasyan yo, fanmi yo, reprezantan legal yo ak lòt moun ki konsène yo dwa pou pran inisyativ ak depoze plent oswa doleyans yo alekri lè yo pa satisfè ak jan òganizasyon an ap fonksyone, jan l ap delivre sèvis, jan manm pèsonèl yo ap aji ak/oswa lòt fason yo panse gen vyolasyon dwa yo ki komèt. Si w pa satisfè ak sèvis w ap resevwa yo oswa si w santi yo pa trete w byen, ou gen dwa pou diskite sou sa ak manm pèsonèl ki konsène a oswa ak sipèvizè pwogram nan. Si w vle, ou gen dwa depoze yon plent alekri tou pou fè nou konnen ki sa ki ba w pwoblèm nan.

Fòm pou ranpli lè w ap depoze plent yo disponib nan tout biwo akèy nou yo oswa nan men nenpòt anplwaye ki nan kèlkeswa branch etablisman SalusCare la. Tanpri ranpli fòm nan epi voye li tounen nan biwo akèy la oswa poste li bay sipèvizè pwogram ki konsène a nan adrès: **SALUSCARE, INC., 3763 EVANS AVE., FORT MYERS, FL 33901**. Manm pèsonèl la ap byen kontan ede w ranpli fòm sa a si w mande pou sa.

SalusCare gen yon seri pwosedi byen detèmine li aplike lè l ap reponn plent ki depoze alekri yo. Pami metòd sa yo ou kapab jwenn, men se pa sèlman, revizyon ak ankèt sipèvizè pwogram ki konsène a fè sou pwoblèm nan kad metòd jesyon kalite a. Gen manm pèsonèl la k ap gen pou kontakte ou nan yon delè tan rezonab. Manm pèsonèl la ap travay avèk ou pou rezoud pwoblèm plent ou te depoze a. Si ou toujou pa satisfè ak rezilta ou jwenn yo, ou gen dwa kontakte Visprezidan Relasyon Piblik la nan (239) 791-1575. Si ou toujou pa satisfè ak rezilta ou jwenn nan, ou gen dwa kounye a kontakte Depatman Timoun & Fanmi kòm enstitisyon Eta Florid la nan nimewo sa yo:

Depatman Timoun & Fanmi Eta Florid  
Antite Administrasyon Leta – Biwo Rejyonal Rezo Sante  
Konpòtmantal nan Sant Florid  
(877) 355-2377

Dwa Moun ki Andikape nan Florid  
1-800-342-0823 (Vokal)  
1-800-346-4127 (TTY/TTD)

Moun ki ap pote plent pou nenpòt rezon nou pa pran sanksyon kont yo. SalusCare sipòte dwa tout moun e libète pou yo pale de sa ki konsène yo san yo pa bezwen pè pou abi finansyè oswa lòt eksplwatasyon, imilyasyon, oubyen negligans.

---

## POLITIK SOU FRÈ NOU FÈ PASYAN AN PEYE

Nou gen mwayen pou bay moun nan kominote nou an sèvis a yon pri rezonab akòz sipò finansyè nou resevwa nan men Eta Florid, Konte Lee ak United Way.

Moun yo dwe peye menm moman y ap resevwa sèvis n ap founi yo. Gen pasyan ki ka kalifye pou jwenn rabè suivan kantite kòb tout manm fanmi ka viv nan menm kay la touche kòm revni nèt. Ou sipoze pale an tout franchiz ak onètete sou sous revni w yo epi bay prèv yo ka verifye pou pèmèt nou detèmine kantite kòb w ap peye kòm frè epi respekte kondisyon Eta a ak Gouvènman federal mande yo. Si pasyan an pa ka bay prèv sou sous revni kòb li touche, y ap chaje li epi y ap mande li pou peye tout frè nòmal ki tabli pou sèvis yo konplètman.

Pasyan ki gen asirans sante yo ap gen pou soumèt enfòmasyon asirans sa bay SalusCare pou li kapab fè depo

reklamasyon li. Pasyan an responsab pou peye pòsyon frè pa li a menm moman l ap resevwa sèvis yo. SalusCare pa responsab pou peye okenn sèvis medikal ou ta ka bezwen pandan w isit la depi se pa SalusCare k ap founi sèvis sa yo.

---

## DWA POU SIYALE ABI

Manm pèsonèl SalusCare yo gen yon seri regleman leta ak regleman federal yo respekte konsènan fason pou siyale lè gen ka abi ak neglijan/eksplwatasyon k ap pase. SalusCare asire tout moun pwoteksyon kont abi fizik, seksyèl, sikolojik ak abi finansye; anmèdman ak pinisyon fizik ak imilyasyon ,oubyen explwatasyon. Abi seksyèl ou Anmèdman kapab enkli tout jès, fizik, oubyen vèbal ki fè réfèrèns ak bagay seksyèl oswa seksyalite oubyen entansyon individwi an seksyelman.abi finansye se tout eksplwatasyon de tout individwi pou genyen lajan. Kèlkeswa pasyan, granmoun oswa timoun, ki santi yo te fè eksperyans moun ki viktim abi, neglijan oswa eksplwatasyon nan SalusCare, ta dwe telefone nimewo:

Liy asistans Florid pou rapòte abi - 1-800-962-2873

---

## AVI SOU PRENSIP KONFIDANSYALITE (HIPAA)

Avi sa a te premye antre anvigè nan dat 14 avril 2003. Avi sa a bay detay sou fason pou jere enfòmasyon ki konsène w (kòm pasyan nou) sou jan pou sèvi ak yo oswa jan pou pibliye yo ak ki jan ou ka rive jwenn aksè sou enfòmasyon sa a. Tanpri revize li ak anpil prekosyon. SalusCare gen obligasyon lalwa ki mande l kenbe enfòmasyon w yo konfidansyèl epi pou fè w konnen obligasyon legal ak prensip respè lavi prive nou dwe genyen konsènan kalite enfòmasyon sa a.

---

## ITILIZASYON AK EGZANP DIVILGASYON ENFÒMASYON POU TRETMAN AK OPERASYON AK SÈVIS SALUSCARE YO

***N ap itilize enfòmasyon w nan pou tretman.*** Pa egzanp: Enfòmasyon nou jwenn nan men doktè w, koòdonatè resous ou, oswa enstitisyon ki t ap sèvi w yo ap anrejistre nan dosye klinik ou epi itilize pou ede nou detèmine ki kalite tretman ou menm ansanm ak ekip ki anchaj tretman w lan kwè ki ka travay pi byen pou ou. Doktè w la, koòdonatè resous ou, oswa enstitisyon ki t ap sèvi w la ap enskri nan dosye ou tout mezi yo te pran ansanm ak kalite obsèvasyon yo te fè. Lòt manm ekip ki anchaj tretman w lan ap gen pou egzamine dosye klinik ou epi suiv fason tretman w lan ap pwogrese.

***N ap itilize enfòmasyon w nan operasyon n ap fè chak jou pou evalye kalite swen ou resevwa epi chèche ba w pi bon kalite swen posib.*** Pa egzanp, manm pèsonèl klinik SalusCare yo, pou kapab amelyore kalite sèvis yo oswa aktivite pou jere risk yo, gen dwa sèvi ak enfòmasyon ki nan dosye klinik ou pou evalye kalite swen ak rezilta yo jwenn nan sitiyasyon pa w la ansanm ak lòt ka ki menm jan ak pa w la. Enfòmasyon sa a ap sèvi apre sa nan kad efò k ap fèt pou amelyore kalite ak efikasite swen w ap resevwa ak sèvis n ap ofri bay tout moun n ap sèvi yo.

***Nou kapab itilize enfòmasyon w yo pou kontakte w ak fè w sonje lè w gen randevou yo.***

***Nou kapab pibliye enfòmasyon w yo bay konpayi ki travay an patenarya ak nou yon fason pou yo ka fè travay nou mande yo fè a.*** Gen yon seri sèvis òganizasyon nou an bay gras ak kontra li siyen avèk yon seri lòt konpayi deyò ki sèvi kòm asosye li. Gen yon dyetetyen ansanm ak yon famasyon ki founi sèvis bay kèk nan moun ki ap resevwa sèvis nan men SalusCare tou. Pou pwoteje enfòmasyon ki nan dosye w, nou mande konpayi sa yo ki asosye ak nou yo pou pwoteje ak prezève enfòmasyon w yo kòm sadwa nan bon fason apwopriye. Depi w mande sa, n ap fè w konnen non konpayi asosye sa yo epi n ap esplike w ki jan konpayi asosye sa yo pwoteje enfòmasyon w yo.

---

## ITILIZASYON AK EGZANP DIVILGASYON ENFÒMASYON KI FÈT AVÈK OTORIZASYON W ALEKRI

Lòt fason pou itilize ak divilge enfòmasyon konfidansyèl ki konsène w yo ap fèt sèlman si w bay pèmision alekri pou sa, sof si lalwa pèmèt oswa mande pou fè sa.

Ou dwe bay pèmision w alekri byen espesifik avan pou yo filme ou, anrejistre vwa ou, elatriye, oswa pou vin fè pati yon pwòje rechèch k ap fèt.

Ou gen dwa pou deside kantite ak kalite enfòmasyon pèsonèl ou ki dwe divilge bay kèlkeswa lòt moun ki pa fè pati SalusCare. Ou gen dwa tou pou deside ki kantite ak ki kalite enfòmasyon pèsonèl ou ki dwe vin jwenn SalusCare apati lòt moun oswa lòt ajans ki deyò yo. Ou gen dwa pou deside pandan ki kantite tan yo ka divilge enfòmasyon sa a. Pwosedi SalusCare yo pèmèt pou pèmision w bay la valab yon fwa sèlman pandan jiska 365 jou. Ou gen dwa anile pèmision ou bay pou divilge enfòmasyon pèsonèl ou yo nenpòt ki moman, eksepte enfòmasyon ki deja divilge yo.

---

## ITILIZASYON AK EGZANP DIVILGASYON ENFÒMASYON KI FÈT SAN OTORIZASYON W ALEKRI

Gen plizyè sikonstans enpòtan kote yo kapab divilge enfòmasyon pèsonèl bay lòt moun san pèmision w.

Si nou sispèk w ap abize oswa neglije pitit ou, oubyen si ou di nou madanm ou oswa mari ou oubyen yon kèlkonk lòt moun ap abize pitit ou oswa kèlkeswa lòt timoun nan, nou oblije dapre lalwa rapòte sa bay ajans ki apwopriye a. Lalwa fèt yon jan pou pwoteje timoun yo epi obligasyon li fè sou fason pou rapòte ka abi oswa neglijan yo klè nan sans sa a.

Si w ap resevwa sèvis swen sante mantal epi nou sispèk w ap abize, neglije oswa eksplwate yon granmoun aje oswa yon granmoun ki andikape, oubyen si w fè nou konnen gen yon moun kèlkonk k ap abize, neglije oswa eksplwate yon granmoun aje oswa ki andikape, nou oblije rapòte sa bay ajans ki apwopriye a.

Si w di nou ou gen entansyon fè tèt ou mal oswa fè yon lòt moun mal, epi si nou sispèk se pou tout bon ou di sa, nou oblije dapre lalwa pran yon seri mezi kòm aksyon pou pwoteje w ak/oswa lòt moun yo pou w pa fè yo mal. Sa ka mande pou nou kòmanse aplike lwa Baker la, kontakte lapolis, oswa itilize lòt mwayen pou anpeche w fè tèt ou oswa lòt moun mal.

Si nou dyagnostike w kòm moun ki gen yon maladi transmisib moun oblije deklare tankou TB (tibèkiloz), epatit, VIH/SIDA oswa yon maladi seksyèlman transmisib, lalwa fè nou obligasyon pou rapòte sa bay Depatman Sante.

Si w nan yon sitiyasyon ijans lavi ou lanmò oswa yon ka ijans medikal ki ka lakoz ou vin domaje, nou oblije divilge bay pèsònèl medikal la yon kantite enfòmasyon pèsònèl minim ki nesèsè pou ede rapidman nan sitiyasyon an (Pa egzanp: dyagnostik, medikaman). Enfòmasyon sa a ap divilge sou baz sèlman si gen bezwen pou moun konnen li.

Nan kèk ka, tribinal konn chèche jwenn yon seri enfòmasyon pèsònèl ou san pèmasyon w. Malgre nan SalusCare nou pa libere enfòmasyon pèsònèl ou otomatikman bay lè nou resevwa yon òdonans tribinal, yon jij gen dwa deside anile dwa kominikasyon privejye ou genyen. Si se tribinal la ki rekòmande ou (fè w enjonksyon), ou dwe di nou egzakteman ki kalite enfòmasyon ou vle mete oswa ki sa w pa vle mete nan rapò n ap bay tribinal la. Fòk ou konnen tou si w refize divilge enfòmasyon bay tribinal oswa yon enstitisyon referans, sa gen dwa gen konsekans nefas pou ou.

Eta Florid gen dwa egzije pou yon seri nan pwogram nou yo divilge nimewo sosyal ou ak lòt enfòmasyon pèsònèl ou bay anplwaye leta ki kalifye pou rezon verifikasyon, rapò ak/oswa evalyasyon pwogram nan. Eta a tou gen yon seri lwa ak règleman federal ki rejè li pou pwoteje dwa konfidansyalite w genyen.

Akoz eksepsyon sou konfidansyalite sa yo, ou ta dwe sonje ou gen dwa pou di nou sèlman sa ou vle nou konnen. Si w gen pwèn ki preyokipe w konsènan sijè konfidansyalite sa a, tanpri diskite sou sa ak nou avan menm ou kòmanse pataje enfòmasyon pèsònèl ou ak nou.

---

### **DWA OU (dapre jan lwa HIPAA prevwa sa)**

Ou gen dwa pou wè dosye w ak/oswa resevwa yon kopi dosye w mwayenan yon frè pou w peye apre yo fin resevwa rekèt ou alekri pou sa.

Ou gen dwa pou chanje oswa ajoute nòt nan dosye medikal ou, oswa enskri pwòp obsèvasyon ak kòmantè pa w nenpòt lè w vle. Sa valab pou sèvis w ap resevwa nan kèlkeswa pwogram nan. Tanpri, kontakte avèk Responsab kesyon konfidansyalite yo oswa Direktè/tris Jesyon Enfòmasyon sou lasante yo (abreje HIM ann anglè) si w ta gen nenpòt kesyon sou sa.

Menm si tout enfòmasyon nou divilge deja yo minim epi yo nesèsè, ou gen dwa mande pou gen restriksyon oswa limit sou jan n ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou ou konsènan tretman, pèman oswa operasyon swen sante w ap resevwa yo. Ou gen dwa mande tou pou gen yon restriksyon sou kalite moun ki dwe anmezi jwenn enfòmasyon n ap kominike yo. Pou fè demann pou gen restriksyon oswa limit, tanpri voye demann ou a alekri nan biwo Responsab konfidansyalite yo oswa bay Direktè HIM nan. Antouka, nou pa oblije aksepte demann ou an. Men si toutfw nou dakò, n ap reponn demann ou a, amwenske enfòmasyon an ta yon enfòmasyon ki nesèsè pou ba w tretman ann ijans.

Ou gen dwa mande pou resevwa kominikasyon konfidansyèl nan men nou atravè lòt mwayen oswa nan yon lòt kote kòm altènatif. N ap reponn demann ou a. Nou gen dwa mande w yon seri enfòmasyon sou ki jan pèman ou yo ap fèt oswa kòman pou nou kontakte w (nan adrès oswa nan telefòn). Nou pa gen okenn espikasyon n ap mande w sou rezon ki fè w mande sa a. Tanpri, ranpli demann sa alekri voye bay Responsab konfidansyalite nou an oswa Direktè HIM nan.

Ou gen dwa pou w resevwa kontrandi tout divilgasyon nou bay (aleksepsyon sa nou pa otorize divilge yo), sizoka, se enfòmasyon pèsònèl konfidansyèl ou. Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon ki byen espesifik konsènan divilgasyon sa yo ki fèt apre dat 14 avril 2003.

Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi papye notis sa nan men nou, si w mande sa.

Lalwa egzije nou pou nou respekte tèm avi sou prensip konfidansyalite sa a. Si nou revize avi sa a, n ap distribiye kopi bay pasyan ki aktif nou yo. Avi revize sa a ap anvigè pou tout enfòmasyon konfidansyèl ki nan men nou tout tan. Ou gen dwa jwenn yon kopi avi sa a sou sit entènèt nou an ki nan adrès ([www.saluscareflorida.org](http://www.saluscareflorida.org)), oswa rele SalusCare

mande pou voye yon kopi ba ou, oubyen mande yon kopi pwochen fwa ou vin vizite nou. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan avi sa a, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite a oswa Direktè HIM nan oswa Direktè konfòmite a nan: (239) 275-3222.

---

(Revised 12/2015)